## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

# ESTETIKALÍQ TÁRBIYANÍŃ PEDAGOGIKA HÁM FILOSOFIYADAǴÍ ÁHMIYETI

**Abdiev Berdax Turǵanbaevich** – *assistent oqıtıwshı*
berdax2021@umail.uz
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ЗНАЧЕНИЕ ЭСТЕТИЧЕСКОГО ВОСПИТАНИЯ В ПЕДАГОГИКЕ И ФИЛОСОФИИ

**Абдиев Бердах Турганбаевич** – *ассистент преподаватель*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# THE SIGNIFICANCE OF AESTHETIC EDUCATION IN PEDAGOGY AND PHILOSOPHY

**Abdiev Berdax Turǵanbaevich** – *assistant teacher*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** estetik tarbiya, estetik ong, go‘zallik, ma’naviy qadriyatlar, falsafiy tafakkur, pedagogik jarayon, shaxs kamoloti, badiiy did, ijtimoiy ong, madaniy muhit, insoniylik.

**Rezyume.** Maqolada hozirgi kunning dolzarb muammolaridan biri bo‘lgan estetik tarbiya haqida chuqur tahlil qilingan bo‘lib, ayniqsa estetik tarbiyaning ahamiyati haqida keng so‘z yuritiladi. O‘quvchilar orasida estetik tarbiyani rivojlantirish bilan bog‘liq ilmiy-falsafiy ziddiyatlarni keng ochib berishga harakat qilingan.

**Ключевые слова:** эстетическое воспитание, эстетическое сознание, красота, духовные ценности, философское мышление, педагогический процесс, развитие личности, художественный вкус, общественное сознание, культурная среда, человечество.

**Резюме.** В статье дан глубокий анализ эстетического воспитания, одной из актуальных проблем современности, и особое внимание уделено его значению. Предпринята попытка широко раскрыть научно-философские противоречия, связанные с развитием эстетического воспитания учащихся.

**Key words:** aesthetic education, aesthetic consciousness, beauty, spiritual values, philosophical thinking, pedagogical process, personal development, artistic taste, social consciousness, cultural environment, humanity.

**Summary.** This article provides an in-depth analysis of aesthetic education, one of the current pressing problems, and especially discusses the importance of aesthetic education. An attempt has been made to broadly reveal the scientific and philosophical contradictions related to the development of aesthetic education among students.

**Kirisiw.** Globallasıw sharayatında hám informaciya texnologiyaları jedel rawajlanıp atırǵan dáwirde jámiyettiń ruwxıy-ádep-ikramlılıq kórinisin qáliplestiriw, shaxstı hár tárepleme bárkamal insan sıpatında tárbiyalaw másele bolıp tabıladı. Usı kózqarastan, estetikalıq tárbiya insannıń tek ǵana gózzallıqtı ańlaw qábiletin emes, al onı jaratıw, qádirlew hám ómirde estetikalıq ólshemler tiykarında jumis islew mádeniyatın da qáliplestiredi. Estetikalıq tárbiya insan shaxsınıń ishki dúnyasın bayıtıwshı, onıń ruwxıy teńsalmaqlılıǵın bekkemlewshi hám jámiyetlik qatnasıqlarda gózzallıqqa umtılıwdı xoshametlewshi process sıpatında jámiyet rawajlanıwında áhmiyetli orın tutadı. Haqıyqatında da, estetikalıq talǵam hám gózzallıqqa sanalı múnásibet qáliplesken jámiyette mádeniyat, kórkem óner, bilimlendiriw hám jámiyetlik turmıs tarawlarında da úylesimlilik, ruwxıy páklik hám dóretiwshilik ideyaları ústin boladı.

Pedagogikalıq kózqarastan, estetikalıq tárbiya jas áwladta gózzallıqtı ańlaw, qádirlew, kórkem óner hám mádeniyat arqalı ómir mazmunın bayıtıw, insanıylıq pazıyletlerdi rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Filosofiyalıq jaqtan bolsa, ol jámiyettiń ruwxıy tiykarların bekkemlewshi, insan hám tábiyat ortasındaǵı únleslikti támiyinlewshi, shaxstıń estetikalıq sanasın qáliplestiriwshi áhmiyetli sociallıq hádiyse bolıp tabıladı.

**Tiykarǵı bólim.** F.V.Belinskiy aytqanınday «Gózzallıq dúnyanı qutaqaradı». Haqıyqatında da gózzallıqsız ómir mánissiz boladı. Sonıń ushın da ómirimizdi gózzallıqsız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Estetikalıq dóretiwshilik tárbiyanıń áhmiyetli quram bólegi sıpatında kórsetiledi. Estetikalıq tárbiya insan shaxsınıń qáliplesiwinde áhmiyetli ruwxıy-ádep-ikramlıq faktor sıpatında óz kórinisin tabadı. Ol insannıń gózzallıqqa bolǵan sezimlik talabın qanaatlandırıp ǵana qoymastan, al pikirlew, minez-qulıq hám sociallıq qatnasıqlarda gózzallıq normaların qáliplestiredi. Zamanagóy filosofiyalıq-pedagogikalıq pikirlewde estetikalıq tárbiya túsinigi insannıń ishki dúnyası menen jámiyettiń mádeniy sisteması ortasındaǵı óz ara tásir mexanizmin kórsetiwshi quramalı process sıpatında talqılanadı. Sonıń ushın estetikalıq tárbiya tek ǵana shaxstı tárbiyalaw quralı emes, al jámiyettiń ruwxıy rawajlanıwı ushın zárúr bolǵan jámiyetlik mexanizm esaplanadı.

Ilimiy kózqarastan, estetikalıq tárbiyanı tek ǵana kórkem óner yamasa ádebiyat tarawına tiyisli waqıya sıpatında qaraytuǵın bolsaq keń túsinik bermeydi. Sebebi estetikalıq tárbiya hár qanday insan xızmetinde miynette, kúndelikli turmısta, qatnasta, tábiyatqa hám jámiyetke qatnasta óz kórinisin tabadı. Filosofiyalıq tárepten, insannıń estetikalıq sanasın qáliplestiriw onıń bolmıstı ańlaw dárejesin, qádiriyatlar sistemasındaǵı ústinlikti belgileydi. Usı mániste, estetikalıq tárbiya shaxstıń ruwxıy dúnyasın úylestiriwshi, onıń sociallıq bolmısın gózzallıq nızamlıqları tiykarında baǵdarlawshı kúsh sıpatında kórinedi.

Ayırım izertlewshiler estetikalıq tárbiyanı shaxstıń sezimlik dúnyasın bayıtıwshı process sıpatında túsindiredi. Basqa bir baǵdar wákilleri bolsa onı ádep-ikramlılıq tárbiya menen úzliksiz baylanıslı, sociallıq qádiriyatlardı qáliplestiriwshi mexanizm dep biledi. Bul jaǵday ilimiy diskussiyanı keltirip shıǵaradı: estetikalıq tárbiya seziwsheńlikti rawajlandıradı ma yamasa ol jámiyetlik sananı qáliplestiredi me? Ámelde bolsa, estetikalıq tárbiya bul yeki procestiń sintezi - ol sezim sezimin rawajlandırıw

arqalı jámiyetlik sananı joqarılatadı. Pedagogikalıq kózqarastan, estetikalıq tárbiya bilimlendiriw procesiniń áhmiyetli quramı esaplanadı. Ol jas áwladtıń kórkem talǵamın, estetikalıq oy-pikirin, ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı ańlaw dárejesin arttırıw arqalı ruwxıy jetiklikke baǵdarlaydı. Bilim beriw procesinde estetikalıq tárbiya quralları – ádebiyat, kórkem óner, muzıka, teatr, súwretlew óneri, xalıq awızeki dóretiwshiligi – oqıwshınıń ishki dúnyasına tikkeley tásir etedi hám onda jaqsılıq, adamgershilik, gózzallıqqa umtılıw sezimlerin oyatadı.

Estetikalıq tárbiya procesiniń sociallıq áhmiyeti de sheksiz. Gózzallıqtı qádirleytuǵın, estetikalıq talǵamǵa iye insanlar jámiyette keńpeyillik, ádep-ikramlılıq hám óz-ara húrmet ortalıǵın jaratadı. Estetikalıq qádiriyatlar kúshli bolǵan jámiyette zorlıq, biypárwalıq, ruwxıy jarlılıq sıyaqlı illetler azayadı. Usı tiykarda ilimiy boljaw sıpatında sonı atap ótiw múmkin: estetikalıq tárbiya dárejesi joqarı bolǵan jámiyette sociallıq ortalıq turaqlı, mádeniyat hám ruwxıylıq únles halda rawajlanadı.

Sonday-aq, estetikalıq tárbiya milliy ózlikti ańlaw hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı úylestiriwde de áhmiyetli orın tutadı. Milliy mádeniyat, xalıq awızeki dóretiwshiligi, kórkem óner hám úrp-ádetler arqalı estetikalıq qádiriyatlar áwladtan-áwladqa ótedi, bul bolsa jámiyettiń mádeniy izbe-izligin támiyinleydi. Filosofiyalıq jaqtan bunday process sociallıq sananıń estetikalıq formaları – kórkem óner, ádebiyat, ádep-ikramlılıq, din hám úrp-ádetler arqalı kórinedi. Sonıń ushın estetikalıq tárbiya tek ǵana individual rawajlanıw yemes, al jámiyetlik turaqlılıqtıń da áhmiyetli kepili esaplanadı.

Estetikalıq tarbiya bul estetikalıq tárepten rawajlanǵan hám dóretiwshi aktiv bolǵan insan shaxsın qáliplestiriwshi faktor. Insan dúnyanı ózlestiriw procesinde insanıy principler menen birge gózzallıqqa degen mútájliklerin qanaatlandırıp otıradı. Usınday dúnyaǵa estetikalıq talap, insannıń estetikalıq kóz-qarasların ilimiy-metodologiyalıq tárepten izzertlewge zárúrliktiń bar ekenligin kórsetedi. Usı jerde I.Kanttıń táliymatına toqtalıp ótiw orınlı. Onıń táliymatında adamnıń tábiyatın túsiniw máselesine dıqqat qaratıladı [1:19]. Adamnıń estetikalıq kelbetin analizleydi, gózzallıqtı sheksiz ólshemlerge iye dep kórsetedi. Sonlıqtan da, gózzallıqtı ómirge teńewge boladı. Ayrım filosoflar tárepinen bolsa gózzallıq «Insan qálewlerindegidey ómir» dep tastıyıqlanǵan, al ayrım filosoflar tárepinen bolsa – «Gózzallıq dúnyanı qutqaradı» dep keltiriledi.

Ataqlı alım hám filosoflardıń bunday estetikalıq kóz-qarasları adamzattıń civilizaciyalıq rawajlanıw tendenciyaları menen de baylanıslı. Adamzat óz jasaw dáwirinde bir qansha kórkem dóretiwshilik penen shuǵıllanıp jámiyet turmısın, insaniyat ómirin, dúnyanı biliw máselelerin kórkem obrazlarda sáwlelendirip adam dúnya sisteması haqqında bir pútin kompleksli túsiniklerge iye bola basladı. Sonıń menen bir qatarda tárbiya processlerinde dıqqattan shette qaldırmadı. Tárbiya hám gózzallıq keń mazmunǵa iye bolıp, olardı bir pútin sistemanıń elementleri sıpatında ómir súredi. Sonlıqtan da, gózzallıq insannıń ishki gózzallıǵı onıń ádepliliginde kórinedi. Atap aytatuǵın bolsaq, akademik J.Bazarbaevtıń «Ádeptanıw» kitabında keltirilgenindey – «Adam sırtqı obektivlik sulıwlıq penen, ishki ruwxıy sulıwlıqtı moyınlay otırıp, olardıń óz-ara qatnasın anıqlawǵa kelgende ishki ruwxıy kórkemlikke kóbirek kewil awdarıp mazmun kórkemligin kóbirek bayanlaydı [2:230].

Estetikalıq tárbiyanıń wazıypaları tómendegilerden ibarat: shaxsqa sociallıq, tábiyat hám miynet qatnası hám turmıs gózzallıqları hám olardı ańlaw haqqındaǵı bilimlerdi beriw; shaxsta tábiyat hám miynet qatnası hám turmıs gózzallıqları hám olardı ańlaw qábiletin tárbiyalaw, ondaǵı gózzallıqlardı qádirlew sezimin hám estetikalıq talǵamdı qáliplestiriw, gózzallıqqa muhabbat oyatıw; gózzallıqtı jaratıw ıqtıyajın qarar taptırıw, bundaǵı qábilet hám estetikalıq mádeniyatın qáliplestiriw. Estetikalıq tárbiya ádep-ikramlı, jaqsı minez-qulıq normaların payda etiw, olardıń dóretiwshilik qábiletin rawajlanıdırıwǵa tásir kórsetedi.

Estetikalıq tárbiya insaniyattı tábiyat, sociallıq hám miynet qatnasıqları, turmıs gózzallıǵın ańlaw tuwrı túsiniwge úyretiw, insanlardıń kórkem estetikalıq talǵamın jetilistiriw, insanlardı gózzallıqqa muhabattı oyatıw hám ómirge gózzallıqtı alıp kiriw qábiletin tárbiyalaw procesi sociallıq tárbiyanıń strukturalıq elementi esaplanadı. Estetikalıq tárbiya birinshi náwbette insaniyattı jaratıwshılıqqa baslawshı principlerdi basshılıqqa alıp insanniń estetikalıq tábiyatın rawajlandırıwda úlken ról oynaydı. Estetikalıq tárbiyanı qáliplestiriwde estetikalıq qádiryatlardıń ornı girewli. Ásirler dawamında insaniyattıń bay mádeniy tájiriybesi jámiyetti rawajlandırıwshı áhmiyetli faktor sıpatında alıp qaraladı. Kórkem dóretpeler tiykarında adamzat erteńgi kúni ushın zárúr bolǵan bilimler sistemasın islep shıǵadı.

Jámiyet turmısın rawajlandırıwda estetikalıq oylardıń ilgerilewi áhmiyetli sanaladı. Jámiyetlik bolmıs hám jámiyetlik sana ortasındaǵı nızamlıqta usı estetikalıq oylar sheshiwshi faktor sıpatında óz tastıyıǵın tabadı. Jámiyetlik sananıń jámiyetlik bolmıstan ozıp júriwi nızamlıǵı ilim hám dóretiwshilikte yaǵnıy estetikalıq sanada ayqın kórinedi. Bul nızamlıq boyınsha dóretiwshilik oylardıń áhmiyeti sonda, ol tek ǵana búgingi kúndi súwretlep qoymastan keleshekti de súwretlep, kórkem obrazlarda hár qıylı usıllar járdeminde sáwlelendirip otıradı.

Birinshiden, estetikalıq tárbiya procesin bilimlendiriw sistemasınıń barlıq basqıshlarına integraciyalaw zárúr. Ásirese, mektepke shekemgi bilimlendiriw hám uluwma bilim beriw mekteplerinde estetikalıq tárbiya ayrıqsha baǵdar sıpatında kózde tutılsa, balalarda gózzallıqqa bolǵan sezim tásirsheńlik hám talǵam qáliplesedi. Usı maqsette, oqıw bagdarlamalarına kórkem óner, ádebiyat, muzıka hám súwretlew óneri arqalı estetikalıq sezimdi rawajlandırıwshı shınıǵıwlardı kóbeytiw maqsetke muwapıq.

Ekinshiden, estetikalıq tárbiya mazmunın zamanagóy filosofiyalıq hám psixologiyalıq izertlewler tiykarında jańalaw zárúr. Estetikalıq sananı qáliplestiriw tek ǵana kórkem óner dóretpelerin úyreniw menen sheklenbey, al turmıstıń barlıq tarawlarında gózzallıqtı izlew, miynette, qarım-qatnasta, ekologiyada estetikalıq qatnastı qollanıwdı úyretiw arqalı ámelge asırılıwı kerek. Usı jol menen estetikalıq tárbiya insan oy-pikirin dóretiwshilik hám gumanistlik bagdarga buradı.

Úshinshiden, pedagoglardı tayarlaw procesinde estetikalıq tárbiya teoriyası hám metodikasına ayrıqsha itibar beriliwi kerek. Muǵallim bárinen burın gózzallıqtı seziniwshi, kórkem óner hám mádeniyattı qádirleytuǵın shaxs bolıwı zárúr. Sol sebepli pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarında estetikalıq tárbiya boyınsha arnawlı moduller hám ámeliy sabaqlardıń engiziliwi paydalı boladı.

Estetikalıq tárbiyanınıń tiykarǵı usılları tómendegilerden ibarat bolıp olar: kórkem-ádebiy, tábiyat, miynet iskerligi arqalı tárbiyalaw, insanlardı qorshap turǵan ortalıq hám turmıs estetikasın súwretlew arqalı tárbiyalaw, tábiyat kórinislerinen alınatuǵın oylar arqalı tárbiyalaw, kórkem-óner shıǵarmaları arqalı tárbiyalaw, súwretlew iskerligi arqalı tárbiyalaw bolıp tabıladı.

Estetikalıq tárbiya insannıń shaxs sıpatında qáliplesiwinde sheksiz áhmiyetke iye bolgan proceslerden biri. Ol shaxstıń ishki dúnyasın rawajlandıradı, oy-pikirin bayıtadı hám ómirge gózzallıq ólshemleri tiykarında qarawǵa úyretedi. Insan estetikalıq qádiriyatlardı ańlaǵan sayın, ol óziniń jámiyettegi ornın tereńirek ańlaydı hám óz iskerligin ruwxıy ólshemler menen muwapıqlastıradı. Sonıń ushın estetikalıq tárbiya shaxstıń jetilisiwiniń ajıralmas quramı sıpatında tálim-tarbiya sistemasınıń barlıq basqıshlarında izbe-iz ámelge asırılıwı kerek.

Estetikalıq tárbiyanıń filosofiyalıq mazmunı insannıń gózzallıqqa umtılıwında, jaqsılıqtı qádirlewinde hám ómirlik iskerlikti estetikalıq principler tiykarında shólkemlestiriwinde kórinedi. Gózzallıqtı seze alǵan insan jawızlıq hám biypárwalıqqa qarsı ruwxıy immunitetke iye boladı. Usı kózqarastan, estetikalıq tárbiya insannıń ruwxıy pákleniwine, ádep-ikramlı bolıwına xızmet etedi. Estetikalıq tárbiyanı filosofiyalıq tiykarda izzertlew adamzat ruwxıyatınıń úzliksiz rawajlanıw nızamlıqların túsiniw imkanın beredi.

Pedagogikalıq kózqarastan qaraǵanda, estetikalıq tárbiya shaxstı jámiyetlik turmısqa tayarlaytuǵın, onı mádeniy qádiriyatlar ruwxında jetilistiretuǵın qural. Bilim beriw procesinde estetikalıq qatnas oqıwshılarda tek ǵana kórkem talǵamdı emes, al óz betinshe pikirlew, turmıslıq máselelerdi gózzallıq ólshemleri arqalı sheshiw qábiletin de qáliplestiredi. Estetikalıq tárbiya oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı baylanıstı adamgershilik ruwxında alıp barıwdı talap etedi, bul bolsa tálim procesinde unamlı tásir etedi.

Estetikalıq tárbiyanıń milliy mádeniyat penen baylanıslılıǵı da ayrıqsha itibarǵa ılayıq. Hárbir xalıqtıń úrp-ádetleri, xalıq awızeki dóretiwshiligi, arxitekturası hám kórkem óneri ózinde ózine tán estetikalıq qádiriyatlardı jámleydi. Bul qádiriyatlardı jas áwlad sanasına sińdiriw arqalı olardıń milliy ózligin ańlaw hám onı qorǵaw sezimi bekkemlenedi. Solay eken, estetikalıq tárbiya milliy ózlik hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar ortasında kópir wazıypasın atqaradı.

Estetikalıq tárbiya procesin kúsheytiw zamanagóy jámiyette ruwxıy krizis hám biypárwalıqqa qarsı nátiyjeli qural bola aladı. Sebebi insan gózzallıqtı seze baslaganda, ol jawızlıq, ádepsizlik hám zorlıqtı biykarlaydı. Usı kózqarastan, estetikalıq tárbiya tek ǵana kórkem óner arqalı emes, al kúndelikli turmıs mádeniyatında da ámelge asırılıwı kerek. Bul bolsa hár bir insanda estetikalıq pikirlew hám gózzallıqqa umtılıw mádeniyatın qáliplestiredi.

**Juwmaq.** Estetikalıq tárbiya rawajlanǵan jámiyette insan faktorı, mánawiy qádiriyatlar hám mádeniy miyras arasındaǵı baylanıs jáne de bekkemlenedi. Estetikalıq talǵam hám kórkem pikirlew joqarılaǵan sayın, jámiyettiń sociallıq-mádeniy rawajlanıwı da artadı. Juwmaqlap aytqanda, estetikalıq tárbiya insandı tek ǵana gózzallıqtı ańlawshı emes, al onı ómirinde jaratıwǵa umtılıwshı dóretiwshi shaxs sıpatında qáliplestiredi. Ol shaxstıń ruwxıy jetikligin, ádep-ikramlılıq tazalıǵın, sociallıq juwapkershiligin támiyinlep, jámiyet rawajlanıwınıń ruwxıy tiykarın bekkemleydi. Estetikalıq tárbiya arqalı insanda tek ǵana talǵam emes, al ómirge filosofiyalıq, mádeniy hám ádep-ikramlılıq qatnas ta qáliplesedi. Usı mániste, estetikalıq tárbiya - bul insandı hám jámiyetti gózzallıq arqalı kámillikke jeteklewshi kúsh.

**Ádebiyatlar**

1. Kant I. Critique of the Power of Judgment / ed. P.Guyer, transl. P.Guyer, E.Matthews. – Cambridge: Cambridge University Press, 2000.
2. Базарбаев Ж., Дәўлетова Қ. Әдептаныў. (oqıw qollanba). – Nókis: «Билим», 1992.